

Bhaibheri re vana
Rikukupai

Murume
akapfuma
nemurombo



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Alastair Paterson; M. Maillot;
Lazarus

Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.



Jesu akaziva kuti vatungamiriri
vazhinji vakanga vari
vanhu vanoda mari
kudarika Mwari.



Akavaudza zvakanga zvaiitika
kuna varume vaviri. Akataura
kuti kuva neupfuma
asi usina Mwari
hakubatsiri.




Akavaudza kuti pfuma
haikwanisi kutenga hupenyu
husangaperi kudenga
kuna Mwari.




Pakanga paine
murume akanga
aine pfuma
zhinji ne
mbatya
dzakanaka.
Murume
uye aipfeka
samambo.




Murume mupfumi aidya chikafu
chakanaka kwazvo. Akanga aine
mari yaikwanisa kutenga
zvose zvaida kudya
mangwanani,
masikati
namanheru.



Pamusuwo peimba yake, pakanga
paine murume akanga
ari murombo, ...



... uye akanga achirwara achikumbira
zvokudya. Murume
uyu ainzi Razaro.



Razaro akanga aine
zvionda zvakawanda.
Zvichida akanga aine
chirwere, kana akanga
akuvara nokuti
vamwe
vaimuitira
hutsinye.



Zvichida akanga
aine zvironda nokuti
akashaya zvokudya
zvakanakwana,
zvakaite somukaka,
muriwo
nenyama.



Razaro
akashuwira
chikafu.
Kunyangwe
mafufu
apatafura
yomurume
mupfumi.



Dzimwe
nguva,
imbwa
dzinenge
dzarasika
dzakauya
kuzomunanzva.



Hapana
munhu
akanga
achibatikana
nokuti
Razaro
akanga
asina
zvokudya.



Rimwe zuva,
Razaro
haana
kumuka.
Murume
murombo
akanga
aine nzara
akanga
afa.




Asi Razaro akava
nomufaro mukuru mushure
mokunga afa.



Ngirozi dzaMwari
dzakamutakura kuti aende
kuna Abhurahama. Razaro
akanyararidzwa naMwari.



Murume mupfumi akafa zvakare.
Pfuma yake
haina kukwanisa
kumubatsira.



Kana rufu rwauya, hapana
anokanisa kurumisa.



Murume mupfumi akavigwa.
Zvichida vanhu vazhinji vakauya
kuzomuchema.



Vamwe vakamuchiva nokuti akanga
aine mari zhinji. Asi Havana
kukwanisa kumubatsira.



Murume mupfumi akanga aenda
kuGehena.




Aching ari kuGehena, murume
mupfumi akachema achiti, ...




... "Baba Ahurahama, tumirai Razaro nemvura auye kuzondiisira parurimi rwangu nokuti ndatsva nomoto uri kuno."




Ahurahama
akayeuchidza
murume mupfumi
achiti, "Panyika
vakanga uine pfuma
zhinji asi Razaro
akanga ari murombo.




Razaro
arikunyararidzwa
kuno asi iwe uri
kunetseka. Hapana
munhu anokwanisa
kuuya kwauri kubva
kuno kwatiri."




Murume
mupfumi akachema achiti,
"Tumai Razaro kuti aende
kunotaurira
vakoma
vangu
vashanu.




Hanidi kutivauye
kuzonetsekana kuno
kwandiri."



Abhurahama akapindura
akati, "Vakoma vako vane
shoko raMwari."



Kana vakatadza kutenda
Bhaibheri, kana Razaro
havakwanisi kumutenda.




Jesu akapedza kutaura nyaya
yomurume mupfumi naRazaro.



Zvichida, vatungamiriri
vakabvunza pakati pavo
vachiti, "Ndinoda pfuma
kudarika Mwari here?"



Vakaziva zvinoitika kana
vakarega kuteerera
shoko raMwari.



Murume akapfuma nemurombo

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 16

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza
zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu
uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo
zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo
rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana
wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa
akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana
uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako,
Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo
mako. Achagara mauri. newe ugogara maari
mazuva namazuva.



Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarama semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16

